

Demann pou OPLA Rejwenn oswa Pa Opoze ak Rekèt ki Depoze Selon Akò Règleman *Ms. L. la*

Nan dat 11 desanm 2023, Tribinal Distri Etazini pou Distri Sid California a te bay yon lòd ki apwouve Akò Règleman pati yo te konkli nan ka *Ms L. kont ICE*, Nimewo 18-428 (S.D. Cal. 11 desanm 2023), ECF Nimewo 721-1 (Akò Règleman), 727 (Lòd Ki Bay Apwobasyon Final nan Akò Règleman an epi Ki Sètifye Klas Règleman yo). Ou ka jwenn yon apèsi sou ka a ak sou kondisyon ki nan Akò Règleman an [la a](#).

Moun ki panse yo ka kalifye kòm yon Manm Gwoup *Ms. L. la*, ta dwe enskri sou sit entènèt [Together.gov](#) oswa [Juntos.gov](#). Moun ki panse yo ka kalifye kòm yon Manm Fanmi Anplis Ki Kalifye (Qualifying Additional Family Member, QAFM), ta dwe mande Manm Gwoup *Ms. L. la* pou l kontakte [Biwo Èd la](#)¹ pou li ka jwenn èd. Se Òganizasyon Entènasyonal Migrasyon an (International Organization for Migration, IOM) ki jere Biwo Èd la.

Nan kad Akò Règleman an, Manm Gwoup yo ak Manm Fanmi Anplis Ki Kalifye (QAFM) yo genyen an, si sa nesèsè, ka mande pou Depatman Sekirite Enteryè Etazini an (U.S. Department of Homeland Security, DHS) rejwenn oswa pa opoze ak rekèt yo, ki gen ladann rekèt pou relouvri ak/oswa anile pwosedi depòtasyon yo devan Depatman Jistis Ameriken an (U.S. Department of Justice), Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (Executive Office for Immigration Review, EOIR).

Men Kote pou Yo Soumèt Demann yo

Yo **dwe voye** demann yo **pa imèl** bay sèvis Imigrasyon ak Kontwòl Dwàn Etazini an (Immigration and Customs Enforcement, ICE), Lokal Biwo Konseye Jiridik Prensipal la (Office of the Principal Legal Advisor, OPLA) ki responsab ka imigrasyon Manm Gwoup la oswa QAFM lan. Pou jwenn Lokal OPLA ki apwopriye a, klike sou bouton **OPLA Field Location Map** la (Kat Jewografik Lokal OPLA a) epi chèche lokal OPLA ki nan menm vil ak eta kote dosye imigrasyon w lan annatant lan oswa kote li te annatant devan tribinal imigrasyon an.

- Pa egzanp, si dosye imigrasyon yon Manm Gwoup la annatant devan tribinal imigrasyon an nan Philadelphia, Pennsylvania, Lokal OPLA ki apwopriye pou dosye a se 'OPLA Philadelphia.' Apresa, Manm Gwoup la ap voye yon demann pa imèl nan lokal sa a.
- Men yon lòt egzanp, se si dosye imigrasyon yon Manm Gwoup la nan kontestasyon devan Komisyon Kontestasyon Imigrasyon an (Board of Immigration Appeals, BIA). Nan senaryo sa yo, Manm Gwoup yo ap detèmine premyèman ki tribinal imigrasyon ki te pran yon desizyon an dènye sou dosye yo a, pou fè sa, y ap gade vil ak eta ki mansyone nan tit dosye a eta sou desizyon jij imigrasyon yo te konteste a. Apresa, Manm Gwoup la ap idantifye lokal OPLA ki nan menm vil ak eta sa a epi voye yon demann pa imèl nan lokal sa a.

¹ Nenpòt fòm lyen ki parèt la, pa reprezante yon bagay ki jwenn apwobasyon nan men Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) nan antite ki pa nan Gouvènman Ameriken yo oswa enfòmasyon, pwodui oswa sèvis antite sa yo apwouve. Pafwa, DHS itilize antite ki pa nan Gouvènman Ameriken an kòm yon kanal distribisyon anplis pou kèk enfòmasyon ki enpòtan, men DHS pa apwouve epi li pa genyen bonjan kontwòl sou tout enfòmasyon ou ka jwenn nan sous sa yo.

DHS bay enfòmasyon sa yo yon fason ki konfòm ak objektif sit entènèt sa a.

Epitou, moun yo ka itilize liy dirèk otomatik EOIR la nan nimewo 1-800-898-8170 oswa sit entènèt EOIR genyen ki bay enfòmasyon otomatik sou dosye yo, yo ka jwenn li [la a](#), pou yo ka detèmine nan ki vil ak nan ki eta dosye imigrasyon yo a annatant kounye a, oswa te annatant devan tribinal imigrasyon an.

Ou ka jwenn adrès imèl Lokal OPLA yo nan tout peyi a, pou fè sa, klike sou **OFL Email Addresses for Request** (Adrès Imèl OFL pou Demann) nan antèt ki anba a.

OPLA Field Location Map (Kat Jewografik Lokal OPLA a)

OFL Email Addresses for Requests

(Adrès Imèl OFL pou Demann) Email

Limited Data Security Waiver

(Renonsyasyon Sekirite Done yo pa Imèl)

Fòm Obligatwa pou Demann yo

Demann yo dwe konfòm ak egzijans sa yo:

- 1. Liy Sijè a** – Liy sijè imèl la dwe endike aklè: (1) “Rekèt Ms. L.”; (2) kalite rekèt la; epi (3) Nimewo Etranje (A Number) Manm Gwoup la ak/oswa Nimewo Etranje QAFM lan.
 - *Egzanp:* “Rekèt Ms. L. pou Anile, A123 456 789,” oswa “Rekèt Ms. L. pou Relouvri ak Anile, A123 456 789,” oswa “Rekèt Ms. L. pou Revoye An Detansyon Pwovizwa ak Rejte, A123 456 789.”
- 2. Kò Imèl la** – Kò imèl la dwe genyen enfòmasyon sa yo:
 - kalite rekèt yo mande a (pa egzanp, anilasyon, fèmti administratif, pwolongasyon, oswa relouvri pwosedi depòtasyon an);
 - si moun nan se yon Manm Gwoup la oswa yon QAFM;
 - non konplè Manm Gwoup la oswa QAFM lan, dat nesans, peyi kote li se sitwayen an, ak Nimewo Etranje (A-Number) (pa egzanp, John James Doe, 01/01/2021, Meksik, A123 456 789);
 - pwochen dat odyans ki pwograme anvan EOIR la, si sa aplikab;
 - non konplè a ak nimewo Etranje (A-number) manm fanmi separe yo, fason sa a:
 - Si paran an oswa responsab legal la fè demann lan, mete non an (yo) ak nimewo Etranje (A-number) timoun nan (yo);
 - Si se timoun nan ki fè demann lan, mete non konplè paran oswa responsab legal separe timoun nan, ak nimewo Etranje li (yo) a (A-number), si w konnen yo;
 - pou QAFM yo, non konplè ak nimewo Etranje (A-number) Manm Gwoup ki asosye ak QAFM a; epi
 - nenpòt lòt enfòmasyon ki pral ede avoka OPLA a evalye demann lan.
- 3. Dokiman Sipò** – Yo dwe voye dokiman sipò sa yo nan imèl la, *si sa aplikab*:
 - prèv yon demann pou otorizasyon tanporè ki annatant (pa egzanp, Fòm I-797, *Avi Aksyon*);

- prèw yon otorizasyon tanporè Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) te otorize epi te bay (pa egzantp, Fòm I-94, *Dosye Antre/Depa* a oswa dokiman vwayaj ki bay otorizasyon pou vwayaje a);
- si yo pa t mande otorizasyon tanporè a, bay prèw ki montre moun lan se manm Gwoup *Ms. L.* la (sa vle di, imèl konfimasyon ki montre moun lan se manm nan Gwoup la);
- Pou QAFM yo, yon kopi imèl yo te voye bay Manm Gwoup asosye li a, sa ki konfime Manm Gwoup la abòn nan Gwoup *Ms. L.* la;
- si yo te refize abònman Gwoup *Ms. L.* la oswa otorizasyon tanporè a, nenpòt enfòmasyon ki montre rezon ki fè yo bay refi a; epi
- nenpòt lòt dokiman k ap ede OPLA a evalye demann lan.

4. Premye Vèsyon Rekèt – Si demann yo voye bay Lokal OPLA a gen ladann yon premye vèsyon rekèt pou

OPLA a konsidere, rekèt la dwe:

- dwe mansyone aklè moun ki pa sitwayen an se yon Manm Gwoup la oswa yon QAFM,
- di yo soumèt rekèt la selon Akò Règleman *Ms. L. kont ICE* la,
- dekri kalite rekèt y ap chèche a (pa egzantp, rejè pwosedi depòtasyon an), epi
- mete ladann nenpòt lòt enfòmasyon ak/oswa dokiman pou kore rekèt la.

5. Fòm G-28 / EOIR-28 / EOIR-27 – Si yon reprezantan legal ap soumèt demann lan nan non yon Manm Gwoup oswa yon QAFM, yo dwe voye bagay sa yo nan imèl la byen ranpli epi siyen, se yon Fòm G-28, *Avi pou Prezante antanke Avoka oswa Reprezantan Akredite*, Fòm EOIR-28, *Avi pou Prezante antanke Avoka oswa Reprezantan Devan Tribinal Imigrasyon an*, oswa Fòm EOIR-27, *Avi pou Prezante antanke Avoka oswa Reprezantan Devan Komisyon Kontestasyon Imigrasyon an*.

Kalite Rekèt yo

Rekèt pou Pwolongasyon Ki Baze sou yon Aplikasyon pou Otorizasyon Tanporè ki Annatant

Manm Gwoup yo ak QAFM ki nan pwosedi depòtasyon selon Seksyon 240 nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite a (Immigration and Nationality Act, INA) oswa pwosedi pwoteksyon kont depòtasyon sèlman dapre 8 C.F.R. § 1208.31(e) devan Tribinal Imigrasyon an oswa Komisyon Kontestasyon Imigrasyon an (BIA) epi ki gen yon aplikasyon pou otorizasyon tanporè ki *annatant* devan USCIS selon kondisyon ki nan Akò Règleman an, ka soumèt yon demann bay Lokal apwopriye OPLA a pou DHS rejwenn oswa pa opoze ak yon rekèt pou kontinye pwosedi yo, annatandan desizyon USCIS sou demann pou otorizasyon tanporè a.

- Yo dwe soumèt demann pou DHS rejwenn oswa pa opoze ak rekèt la anvan **yon lane** apre yo fin depoze demann pou otorizasyon tanporè a nan USCIS.

Rekèt pou Rejte/Sispann oswa Fèmen Administrativman Ki Baze sou yon Demann pou Otorizasyon Tanporè ki Apwouve

Manm Gwoup yo ak QAFM ki nan pwosedi INA § 240 oswa pwosedi pwoteksyon kont depòtasyon sèlman yo epi pou moun USCIS te bay libète sou kondisyon yo kapab mande pou DHS rejwenn oswa pa opoze ak yon rekèt pou rejte/sispann, fèmen administrativman, oswa repwograme epi rejte/sispann, selon ka a.

- Si yo te bay Manm Gwoup la ak/oswa QAFM lan *nan* Dat oswa *apre* Dat Akò Règleman an Antre Anvigè a, yo dwe soumèt demann lan nan Lokal OPLA ki apwopriye a **nan yon lane oswa anvan yon ane** apre USCIS fin apwouve demann pou otorizasyon tanporè a. Peryòd otorizasyon tanporè ki otorize a pa dwe ekspire oswa yo pa dwe sispann li nan moman demann lan.
- Si yo te bay Manm Gwoup la ak/oswa QAFM lan otorizasyon tanporè a *anvan* Dat Akò Règleman an Antre Anvigè a, yo dwe soumèt demann lan nan Lokal OPLA ki apwopriye a **nan yon lane oswa anvan yon ane** apre Dat Akò Règleman an Antre Anvigè a. Peryòd otorizasyon tanporè ki otorize a pa dwe ekspire oswa yo pa dwe sispann li nan moman demann lan.

Rekèt pou Rejte/Sispann, Repwograme ak Rejte/Sispann, oswa Relouvri ak Rejte/Sispann Pwosedi Depòtasyon INA § 240 pou Mande Azil devan USCIS

Manm Gwoup (ki gen ladann moun k ap chèche pou USCIS relouvri yon demann azil yo te refize oswa yo te voye bay yon lòt antite) ki nan pwosedi depòtasyon INA § 240 oswa k ap chèche repwograme oswa relouvri epi rejte/sispann anvan yon pwosedi depòtasyon INA § 240 san prejije, ka soumèt yon demann pou DHS rejwenn oswa pa opoze ak rekèt la. Yon rekèt pou Manm Gwoup la ka gen ladann QAFM li genyen ki nan menm pwosedi depòtasyon INA § 240 avèk li a.

Yo dwe soumèt demann yon Manm Gwoup pou DHS rejwenn oswa pa opoze ak rekèt la anvan **de (2) lane** apre “Dat Konfimasyon Règleman Manm Gwoup” li a.

- Yo defini “Dat Konfimasyon Règleman Manm Gwoup la” kòm dat Komite Rechèch Gwoup Travay sou Regwoupman Familyal DHS la aksepte yon moun kòm Manm Gwoup la epi voye dosye moun nan bay lòt antite pou kèk sèvis selon Akò Règleman an.
- Si yo te detèmine yon moun se yon Manm Gwoup avan Dat Akò Règleman an Antre Anvigè, lè sa a, “Dat Konfimasyon Règleman Manm Gwoup” li a pral dat Akò Règleman an antre anvigè a.

Rekèt Devan Komisyon Kontestasyon Imigrasyon an

Manm Gwoup ki gen kontestasyon annatant devan Biwo Kontestasyon Imigrasyon an (BIA) (ki gen ladann kontestasyon BIA te fèmen administrativman oswa retire yo), kapab soumèt yon demann bay Lokal OPLA ki apwopriye a pou DHS ka rejwenn oswa pa opoze ak yon rekèt pou revoye an detansyon pwovizwa oswa yon rekèt pou revoye an detansyon pwovizwa epi rejte, sispann, oswa fèmen administrativman pwosedi depòtasyon yo a. Rekèt Manm Gwoup yo depoze yo ka gen ladan QAFM (yo) ki nan menm pwosedi depòtasyon an avèk yo.

Yo dwe soumèt demann yon Manm Gwoup pou DHS rejwenn oswa pa opoze ak rekèt la anvan **de (2) lane** apre “Dat Konfimasyon Règleman Manm Gwoup” li a.

Frè oswa Frè pou Depo

OPLA pa mande yon frè pou depo oswa yon frè aplikasyon pou resevwa, trete, oswa egzamine rekèt moun ki pa sitwayen yo depoze yo. Se poutèt sa, yon frè pa obligatwa lè w ap soumèt yon demann nan yon Lokal OPLA pou li ka rejwenn oswa pa opoze ak yon rekèt dapre kondisyon ki nan Akò Règleman an.

Pa Gen Okenn Dwa Prive

Konsèy sa a pa la pou kreye, li pa kreye epi yo pa ka itilize l pou kreye yon dwa oswa yon avantaj, reyèl oswa pwosediral, nenpòt pati ka aplike l nan dwa nan zafè administratif, sivil oswa kriminel.

Nenpòt fòm lyen ki parèt la, pa reprezante yon bagay ki jwenn apwobasyon nan men Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) nan antite ki pa nan Gouvènman Ameriken yo oswa enfòmasyon, pwodui oswa sèvis antite sa yo apwouve. Pafwa, DHS itilize antite ki pa nan Gouvènman Ameriken an kòm yon kanal distribisyon anplis pou kèk enfòmasyon ki enpòtan, men DHS pa apwouve epi li pa genyen bonjan kontwòl sou tout enfòmasyon ou ka jwenn nan sous sa yo. DHS bay enfòmasyon sa yo yon fason ki konfòm ak objektif sit entènèt sa a.